# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–25 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आजु ग्रेटर नोएडा के इंण्डिया एक्सपो मार्ट में पांच दिन ले चले वाले इंटरनेशनल ट्रेड शो के दूसरका संस्करण क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर अपने संबोधन में उप राष्ट्रपति कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के बिच्चे काम कइले क तालमेल बेजोड़ हउवे। येह में भ्रष्टाचार अउर अकुशलता क कउनो गुंजाईस नइखें। योगी जी के लगतारे कोसिस से उत्तर प्रदेस तेजी से उद्यम् प्रदेस बनि रहलि हउवे। उहां के कहलीं कि उत्तर प्रदेस सज्जों क्षेत्रन में विकास अउर नवाचार के कई गो गतिविधियन के कई रहल हवे। दुइ साल में हमहन क अर्थ व्यव्स्था जर्मनी अउर जापान से आगे बढ़ी के तीसरे नम्बर पर पहुंचि जाइ।

येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले कि देस के सबसे बड़हन आबादी के सथहीं उत्तर प्रदेस एमएसएमई क सबसे जियादे यूनिट रखे वाला राज्यों हउवे।

एगो सर्वे के मोताबिक पचहत्तर जिलन में छियानबे लाख एमएसएमई यूनिट हइन। खेती के बादे उत्तर प्रदेस मे ई सबसे जियादे रोजगार देवे वाला क्षेत्र हउवे। ओनतीस सिंतबर ले चले वाले येह ट्रेड शो में रक्षा, कृषि, ई कॉमर्स, आईटी, जीआई, शिक्षा अवस्थापना, बैंकिंग, वित्तय सेवाएं, डेयरी उद्योग जइसन कई गो विभागन के पच्चीस सौ स्टॉल लागवल गइल हवे। येह साल **यूपी आईटीएस** में सत्तर देस हिस्सा ले रहल हवे सथहीं येह में करीब चार लाख लोगिन के सामिल भइले क संभावना बाटे। येह मौका पर केन्द्रीय एमएसएमई मंत्री जीतन राम मांझी अउर प्रदेस क औद्योगिक विकास मंत्री नन्द गोपाल गुप्ता नंदी के सथहीं प्रदेस सरकार क कई गो मंत्री प्रसासनिक अधिकारी आ अउरियो गणमान्य लोग मौजूद रहलें।

**********

प्रदेस के राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु वाराणसी के महात्मां गाधी काशी विद्यापीठ के छियालसवें दीक्षांत समारोह में सामिल भइलिन। येह मौका पर राज्यपाल वार्षिक परीक्षा में उत्कृष्ट प्रदरसन करे वाले विद्यार्थियन के स्वर्ण पद्क देके उनकर हौसल बढ़वलिन। येह मौका पर राज्यपाल कहलीं कि आजु सिक्षा क सथहीं हर क्षेत्र में लइकनी लोगि ओगे हइनि। आजु व्यावहारिक ज्ञान के बढ़ावा दिहले क जरूरत बाटें अउर ऐह के विद्यार्थियन के अपनावे के होई। उहां के कहलिन की व्यवहारिक ज्ञान सिखावल नाही जाला बलुक ई धीरे–धीरे आवेला। येह कार्यक्रम क मुख्य अतिथि पावर ग्रिड कॉपोरेशन ऑफ इण्डिया नई दिल्ली क सीएमडी आर के त्यागी कहलें कि बुद्ध के समइये से काशी ज्ञान क राजधानी रहल हउवे। उहां के विद्यार्थियन के सम्बोधित करत कहलीं कि आजु आप सब के कठिन परिश्रम क फल मिलल हउवे। आप लोगिन के आपन मूल्य बचा के रक्खे के होई, जेहसे ओहकर सकारात्मक उपयोग हो सके।

**********

एकात्म मानववाद क प्रणेता पंडित दीनदयाल उपाध्याय क जयंती आजु प्रदेस भर में मनावल जा रहल हउवे। येह मौका पर कई गो सैक्षणिक संस्थानन, राजनीतिक अउर सामाजिक संगठनन की ओरि से उनके फोटो पर फूल माला चढ़ा के उन्हें यादि कइल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो आजु लखनऊ के चारबाग स्थित पंडित दीनदयाल उपाध्याय के प्रतिमा पर फूल चढ़ा के उन्हें नमन कइलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि अन्त्योदय क प्रेरणा पंडित दीनदयाल उपाध्याय से मिले ला, उनके चिन्तन में गांव, गरीब, किसान अउर आखिरी पायदान पर ठाढ़ मनई के उन्नति के सथहीं महिला लोगिन के स्वावलम्बनों हवे। ओहर कुशीनगर में राजकीय बौद्ध संग्रहालय की ओरि से पंडित दीनदयाल उपाध्याय के जिनगी पर आधारित छाया चित्र प्रदर्सनी क आयोजन कइल गइल। येह प्रदर्सनी में पंडित दीनदयाल उपाध्याय क पूरा जिनगी अउर उनके व्यक्तित्व आ कृतित्व के छायाचित्र के जरिये देखावल गइल हउवे। ई प्रदर्सनी तीस सितम्बर ले चली। जौनपुरो में भारतीय जनता पारटी के जिला इकाई की ओरि से खरका कॉलोनी के दीनदयाल पार्क में पंडित दीनदयाल उपाध्याय के मुरती पर माल्यार्पण कइल गइल।

**********

हज कमेटी ऑफ इण्डिया हज यात्रा खातिर आवेदन कइले क आखिरी समय–सीमा एक बेरि अउरियो आगे बढ़ा के तीस सितम्बर कइ दिहले हवे। एहसे पहिले आवेदन कइले क आखिरी तारीख बढ़ा के तेइस सितम्बर कइल गइल रहे। उत्तर प्रदेस हज कमेटी क सचिव एस. पी. तिवारी बतवलें कि तेइस सितम्बर ले प्रदेस क तेरह हजार दुइ सौ लोगि हज खातिर आवेदन कइले रहलें। उहां के बतवलीं कि इच्छुक लोगि हज कमेटी के वेबसाइट हजकमेटी डॉट जीओवी डॉट इन पर आवेदन कइ सके लें। आवेदन करे वाले मनई के पासपोर्ट क वैधता पनरह जनौरी दुइ हजार छब्बीस ले होखल जरूरी हउवे।

**********

जौनपुर जिला के केराकत विधानसभा क्षेत्र से सपा विधायक तूफानी सरोज पर संगीन धारा में मोकदिमा दर्ज करावल गइल हउवे। सपा क ब्लाक अध्यक्ष विवेक यादव बरसठी थाना में एगो सिकायती चिट्ठी देके विधायक तूफानी सरोज पर जान से मरले क धमकी देहले क आरोप लगवले हवे। जवने के बाद पुलिस संबंधित धारा में मोकदिमा दर्ज कई के मामिला क जांच सुरू कइ दिहले हवे।

**********

संतान क लमहर उमिरि खातिर आजु माता लोगि जिउतिया भुक्खल हइनि। येह व्रत में महिला लोगि निर्जल उपवास रखि के अपने संतान खातिर प्रार्थना करेलिनि। बाबा विश्वनाथ के नगरी काशियो में गंगा अउर वरूणा नदी में बाढ़ के बवजूद व्रती महिला लोगि नदी के किनारे भगवान जियुतवाहन क विधि–विधान से पूजा–पाठ कइलिनि अउर कथा सुनलिनि।

**********